**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–05.09.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

आइ शिक्षक दिवस अछि। ई दिन महान शिक्षाविद आ पूर्व राष्ट्रपति डॉक्टर सर्वपल्ली राधाकृष्णन के जयंतीक अवसरि पर मनाओल जायत अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आइ नव दिल्ली मे विज्ञान भवन मे शिक्षक लोकनि के राष्ट्रीय पुरस्कार प्रदान कयलनि। श्रीमती मुर्मू देशक विकास मे महिला लोकनिक अग्रणी भूमिका सुनिश्चित करबाक लेल बालिका लोकनिक लेल गुणवत्तापूर्ण शिक्षाक महत्त्व पर जोर देलनि। ओ विगत वर्ष मे उच्च शिक्षाक लेल बालिका लोकनिक संख्या बढला पर प्रसन्नता व्यक्त कयलनि अछि। राष्ट्रपति कहलनि जे शिक्षाक माध्यम सँ कमजोर वर्गक बच्चा सभक सशक्तिकरण होयत अछि आ हुनक प्रगति के मार्ग सेहो प्रशस्त होयत अछि। ओ कहलनि जे राष्ट्रीय शिक्षा नीति मे शिक्षा के सुलभ आ सरल बनेबा पर विशेष जोर देल गेल अछि। राष्ट्रीय शिक्षक पुरस्कार सँ सम्मानित होबऽबला शिक्षक लोकनि मे तीन बिहार के छथि। एहि मे किशनगंज के सुहागी प्राथमिक विद्यालय के शिक्षिका कुमारी निधि, सुपौल के ललित नारायण, लक्ष्मी नारायण प्रोजेक्ट गर्ल्स स्कूलक शिक्षक दिलीप कुमार आ सैनिक स्कूल नालंदा के डॉक्टर प्रमोद कुमार सम्मिलित छथि। ई प्रतिष्ठित वार्षिक पुरस्कार ओहेन उत्कृष्ट शिक्षक लोकनि के देल जायत अछि जे अपन समर्पण आ प्रतिबद्धता सँ शिक्षा के गुणवत्तापूर्ण बनौलनि अछि आ विद्यार्थी लोकनिक जीवन पर ओकर सकारात्मक प्रभाव पड़ल अछि।

---

एम्हर, शिक्षक दिवसक अवसर पर पटना मे राज्य शिक्षक पुरस्कार सँ बहत्तरि शिक्षक लोकनि के सम्मानित कयल गेल। एहि मे तैंतालीस शिक्षक आ उनतीस शिक्षिक सम्मिलित छथि। श्रीकृष्ण मेमोरियल हॉल मे आयोजित समारोह मे शिक्षामंत्री सुनील कुमार चयनित शिक्षक लोकनि के सम्मानित कयलनि। शिक्षक लोकनि के तीस हजार टाका के चेक, शॉल आ प्रशस्ति पत्र दऽकऽ सम्मानित कयल गेल। एहि अवसर पर श्री कुमार कहलनि जे शिक्षक समाज आ राष्ट्रक निर्माता छथि। शिक्षामंत्री कहलनि जे शिक्षक नियुक्ति परीक्षा के चारिम चरणक अंतर्गत छब्बीस हजार शिक्षक लोकनिक नियुक्ति कयल जायत। बिहार के राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार शिक्षक दिवस के अवसर पर सभ शिक्षक लोकनि के शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी स्कूल सभ सँ स्वदेशी दिवस अथवा स्वदेशी सप्ताह जकाँ अवसर मनेबाक आग्रह कयलनि अछि। राष्ट्रीय शिक्षक पुरस्कार सँ सम्मानित शिक्षक लोकनिक संग वार्ता करैत श्री मोदी कहलनि जे बच्चा सभ मे स्वदेशीक भावना जगेबाक लेल एहेन आयोजन हेबाक चाही।

———————————————————————————

एनडीए बिहार के लऽकऽ केरल कांग्रेसक दिस सँ कयल गेल एक आपत्तिजनक पोस्ट पर कड़गर प्रतिक्रिया देलक अछि। भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल कहलनि जे बिहार आ बिहारी लोकनि के अपमानित करब कांग्रेसक पुरान आदत रहल अछि। ओतहि जदयूक प्रवक्ता नीरज कुमार कहलनि जे बिहारक अपमान महागठबंधनक घटक दल सभक लेल राजनीति स्वाभिमान बनि गेल अछि। एहि मध्य केरल कांग्रेस अपन आपत्तिजनक पोस्ट के लेल क्षमा मांगलक अछि।

———————————————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक दिस सँ आइ पटना मे संवैधानिक अधिकार परिसीमन सुधार महारैली के आयोजन कयल गेल। मिलर स्कूल मैदान मे आयोजित रैली के पार्टी प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा सहित पार्टीक वरिष्ठ नेता लोकनि संबोधित कयलनि।

———————————————————————————

भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी, सीपीआई के पच्चीसम बिहार राज्य सम्मेलन आठ सँ बारह सितम्बर धरि पटना मे होयत। सम्मेलन मे अगिला विधानसभा चुनावक रणनीति पर मुख्य रूप सँ चर्चा होयत।

———————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे एक हजार एक सय उनसठि करोड़ टाकाक लागति के सत्रह योजना सभक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार पुनपुन मे ऋषिकेश के तर्ज पर बनल लक्ष्मण झूला के उद्घाटन कयलनि।

———————————————————————————

पैगम्बर हजरत मोहम्मद के जन्म दिवस ईद–ए–मिलाद उन–नब्बी आइ धार्मिक श्रद्धा आ आस्थाक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि अवसर पर पैगम्बर मोहम्मद के जीवन आ शिक्षण पर मिलाद महफिल आ सीरत के आयोजन कयल गेल अछि। एहि अवसर पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार एहि अवसर पर लोकसभ के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

———————————————————————

पूर्णियाक सांसद पप्पू यादव अपन पांच मासक वेतन बाढ़ि पीड़ित के लेल समर्पित कयलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री यादव ई जनतब देलनि। ओ अपन दू–दू मासक वेतन हिमाचल प्रदेश आ पंजाबक बाढ़ि पीड़ित लोकनि के लेल आ एक मासक वेतन गुजरातक बाढ़ि पीड़ित के लेल देलनि अछि। श्री यादव कहलनि जे आगां ओ सेहो बाढ़ि पीड़ितक मददि करताह।

———————————————————————

राजगीर मे खेलल जा रहल एशिया कप पुरूष हॉकी प्रतियोगिताक सुपर फोर ग्रुप मे भारत चारि अंक के संग पहिल स्थान पर अछि। काल्हि खेलल गेल सुपर फोर स्टेजक एक मैच मे भारत मलेशिया के चारि–एक सँ पराजित कयलक। सुपर फोर पूल स्टेज मे भारतक अगिला मोकाबिला चीन सँ होयत।

———————————————————————

प्रदेश मे मॉनसूनक कमजोर पड़ला सँ वर्षा कम भऽ रहल अछि। पछिला चौबीस घंटा मे पटना के मसौढ़ी मे सभ सँ बेसी चौबीस दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे काल्हि सुपौल, अररिया, किशनगंज आ पूर्णियां सहित राज्यक उत्तर–पूर्वी हिस्सा मे कतेको ठाम तेज हवाक संग वर्षा भऽ सकैत अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।